



Pou Piblikasyon Imedya: 28/11/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 1,650 PYEBWA YO DISTRIBYE BAY MINISIPALITE,
AJANS YO ATRAVÈ ETA A POU RANFÒSE PWOGRAM 25 MILYON PYEBWA
NOUYÒK LA**

***Karantnèf kliyan Otorite Enèji Nouyòk benefisye Pwogram Korespondans sou
Plante Pyebwa k ap rann kominote lokal yo vèt ak ankouraje egalite pyebwa nan
kominote defavorize yo***

Gade [foto](#) distribisyon pyebwa pwogram Tree Power a

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a Otorite Enèji Nouyòk (New York Power Authority, NYPA), atravè pwogram Tree Power 2025 li a, ap livre 1,650 pyebwa bay 49 kliyan ki gen enèji ki pa koute chè epi ki ekonomik, pou pote plis benefis dirab nan minisipalite ak ajans eta yo atravè eta a. Ane sa a, ki te ofri ankourajman pou plantasyon nan zòn defavorize yo, reprezante pi gwo distribisyon depi pwogram nan te kòmanse nan fen ane 1990 yo. Pwogram nan kontribye nan objektif Gouvènè Hochul la pou plante 25 milyon pyebwa anvan 2033.

"Plantasyon pyebwa ak rebwazman esansyèl pou amelyore sante anviwònman ak rezistans Eta Nouyòk, pandan y ap pwoteje byennèt piblik la tou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou fyè dèske n ap sipòte kominote sa yo ki ap kontribye nan objektif dirabilite nou yo nan tout eta a epi k ap amelyore sante piblik nan pwòp katye yo. Pwogram Tree Power pa sèlman ranfòse dirabilite, men li ankouraje tou ekite lè li bay resous esansyèl pou zòn defavorize yo."

Gouvènman lokal ak gouvènman eta ki elijib, sèvis piblik elektrik minisipal ak koperativ elektrik riral yo te pase kòmand pou pyebwa nan prentan an lè NYPA te ofri yon korespondans youn a youn pou sa yo te achte, jiska 5,000 dola nan valè total. Ane sa a, kòmand yo te varye ant mwens pase 10 rive nan 92, kote plizyè minisipalite nan konte Westchester kòmande plis pase 80 chak (Port Chester, Mount Vernon, Konte Westchester ak Irvington). Yo te fè don plis pase 900 pyebwa gras ak pwogram korespondans lan.

Pou ankouraje yo plante plis pyebwa nan kominote defavorize yo, NYPA te ofri yon korespondans de pou youn pou plantasyon nan lokalite kliyan yo nan zòn sa yo. Inisyativ la vize ogmante ekite pyebwa nan tout eta a avèk yon pri abòdab, kote

kominote yo ap benefisye yon pi gwo kouvèti pyebwa ki amelyore kalite lè, ogmante lwazi deyò, ak amelyore bote anviwònman an.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji Nouyòk la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Kliyan Otorite Enèji ak kominote ki alantou yo resevwa benefis ekonomik ak anviwònmantal enpòtan lè yo plante pyebwa, tankou amelyorasyon nan efikasite enèji bilding yo, sipò pou biyodivèsite natif natal, epi ranfòsman anviwònman an kont efè move tan. Pwogram Tree Power Otorite Enèji a ankouraje dirabilite, jesyon anviwònman, ak angajman kominotè, epi rekò ane sa a ak 1,650 pyebwa nan prèske 50 kominote demontre yon gwo pwogrè."

Dat livrezon yo varye selon lokalite a, men yo ankouraje kliyan k ap resevwa yo pou yo plante byen vit.

Tree Power: Fè Kominote Nouyòk yo Vin Vèt Depi 1992

Pwogram nan, ki te kòmanse an 1992, konsantre sou ogmante abita pyebwa natif natal pou sipòte biyodivèsite Eta Nouyòk. Kliyan NYPA yo te travay ak manadjè kont prensipal yo ak vandè pyebwa seleksyone a pou idantifye espès ki pi adapte pou zòn plantasyon yo.

Plante pyebwa amelyore kalite dlo epi diminye inondasyon dlo lapli lè li redireksyone dlo lapli nan tè a olye l ale nan lari yo, sa ki redwi inondasyon. Pou bilding, pyebwa ki plante estratejikman ka ofri lonbraj ak kouvèti kont van, sa ki diminye bezwen pou lè kondisyone pandan sezon ete ak chofaj pandan sezon ivè, redui konsomasyon enèji.

Kari Ficken, Manadjè Pwogram Dirabilite NYPA, te deklare, "Pwogram Tree Power a aktivman sipòte objektif dirabilite kliyan nou yo, ki souvan se menm antite ki angaje nan ede kenbe Eta Nouyòk vèt epi fè li yon kote ki pi agreyab epi ki respekte anviwònman an pou moun viv. Anplis l ap ede kominote yo atenn objektif enèji yo, li redui emisyon kabòn epi diminye depans nan enèji, pwogram Tree Power a ede amelyore estetik katye ak espas piblik yo epi kontribye nan bon jan kalite lavi an jeneral nan kominote Nouyòk yo."

Depi lane 2016, yo te plante plis pase 9,700 pyebwa, ki te kaptire plis pase 500 tòn metrik emisyon kabòn epi yo te ofri plis pase 2 milyon dola nan benefis kalite lavi ak enèji pou kominote yo atravè eta a.

Plis pase 20 nan benefisyè yo ane sa a twouve yo nan Konte Westchester, ki enkli Port Chester, Mount Vernon, Konte Westchester, Irvington, Scarsdale, Greenburgh, White Plains, Pelham Manor, Tuckahoe, Croton, Larchmont ak New Rochelle. Zòn nan Vilaj Ossining, White Plains, ak Sleepy Hollow te kalifye pou finansman pou zòn defavorize. Lòt benefisyè yo gaye toupatou nan eta a, tankou Salamanca, Westfield, lekòl Niagara Wheatfield, Tonawanda, Mayville ak Thruway nan pati Lwès Nouyòk; plizyè kote nan Finger Lakes; ak plizyè sit Depatman Transpò (Department of Transportation, NYSDOT) ak Inivèsite Eta Nouyòk.

Direktè Rejyonal Operasyon NYSDOT, Michael Pawloski, te deklare, "NYSDOT pral plante 78 pyebwa yo jwenn atravè Pwogram Tree Power a nan Jounen Latè an 2026. Pwogram sa a pa sèlman bay pyebwa. Li bay lè pi pwòp, ekosistèm ki pi solid, ak yon avni pi an sante."

Anpil kominote ap planifye pou yo itilize pyebwa yo pou anbeli pak lokal yo ak ajoute lonbraj alantou lekòl piblik yo, pandan kèk ajans eta a pral plante sou gran wout prensipal yo.

Otorite Enèji a planifye tou pou l plante 22 pyebwa sou pwopriyete ozalantou Pwojè St. Lawrence-FDR Power li nan Massena kòm yon pati nan pwogram Tree Power ane sa a.

Gouvènè Hochul te lanse [inisyatif '25 Milyon Pyebwa anvan 2033' \('25 Million Trees by 2033' initiative\)](#) pandan Diskou Eta Leta a an 2024 pou rekonèt enpòtans pyebwa ak forè nan mitigasyon chanjman klimatik ak sante kominotè. [Sit entènèt 25 Milyon Pyebwa](#) ak zouti swivi pyebwa yo te anonse nan kòmansman ane sa a, ede Nouyòkè yo anrejistre kote ak kantite pyebwa yo plante pandan li ede eta a dokimante pwogrè an tan reyèl.

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 17 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt (1,550 mil) sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou plis enfòmasyon, vizite www.nypa.gov epi swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [Instagram](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)